




Limye Pou Lekol La

Me—Jen 2010

Lapè sou Mòn Bounvalo

Msye Bid David te pouse chèz li dèyè tab la epi lantman leve kanpe sou pye li. Madanm li te ri avèk senpati pandan yon plenn te chape nan bouch li. Tout sa te prèy doulè a ki te nan kò li. Li te fè yon blag, li te di : « Jwenti jenou mwen yo bezwen grese ».

Bid David te ale pran yon ti dlo nan tiyo kizin nan. Apre sa li te trennen soti ale sou galri devan an. Li te apresye frechè ki te genyen nan maten an, yon bèl ti souf pou chalè a ki sètènman t' ap vini pita nan jounen an.

Li menm ak madanm li ki te rele Ilda te viv nan kay sa a depi anpil lane. Yo te santi yo byen lakay yo nan mitan vwazen kretyen yo. Je li yo te travèse wout la ki te pase sou tèt ti Mòn Bounvalo ki te prèske kache bilding vwazen Jozèf Mas la. Mòn nan, kote vach bèf yo t' ap manje depi anpil lane, te kouvri avèk flè magerit. Bid te kouvri je li avèk men li pou anpeche solèy jou maten an frape sou je li pandan li t' ap gade nan menm direksyon sa a.

Waw ! Kisa sa ye ? Li te rele madanm li byen fò, pandan li t' ap frape sou fenèt la pou atire atansyon madanm li : « Ilda ! » Lè madanm li te parèt nan pòt la, Bid te lonje dwèt li avèk eksitasyon nan direksyon patiraj Jozèf Mas la. Li te di : « Èske ou wè drapo wouj sa yo ? Genyen anpil ki byen ranje la. Kisa ou panse Jozèf ap fè kounyeya ? Sanble l' ap planifye pou konstwi kèk bagay ».

Kounyeya se te Ilda ki te bare je li yo pou li wè. Li te reponn : « Se vre wi. Men poukisa li vini jis isit la, si lwen lòt bilding li yo konsa ? »

Bid te wose zepòl li. « Petèt li pral bati yon gwo apatman pou mete tout pitit gason li yo ».

Ilda te ri. « Bon, sa ta mande yon gwo kay pou tout pitit gason li genyen yo. Mwen panse nou va senpleman bezwen tann pou wè sa l' ap fè ». Li te rantre nan kay li.

Bid te reponn, malgre pa t' gen pèsoun pou tande li : « Genlè se sa n' ap fè ». Li te tounen chita nan chèz li ankò.

Mèkredi apremidi yon gwo kamyon te antre nan pye


Mòn Bounvalo a. Li te pote kèk ekipman lou pou fouye tè. Pandan li t' ap debake, yon dezyèm kamyon te rive, ap transpòte bagay ki te sanble ak premye yo. Anvan lontan gwo machin long yo te okipe ap travay epi lè a te plen avèk bri, pousyè, ak lafimen dizèl.

Nan plas li sou galri a, Bid David te swiv avèk anpil enterè pandan tè a te leve, anpile epi pouse tounen ranje long. Pandan tan sa a kiryozi li vin plis. Kisa ki t' ap pase ?

A senkè egzakteman machin yo te sispann travay epi travayè yo te pati. Bid te deside ke se te yon bon moman pou pwonmennen sou wout la epi gade enpe. Li te mache tou dousman, epi pa t' janm pran chans ale pandan gwo machin sa yo t' ap travay, men kounyeya a se te trankil. Li te panse pa t' ap gen danje.

Pandan tan sa a Jozèf Mas te bay pitit gason li yo lòd pou fini travay la, epi li te mache ale sou teren kote ekip la t' ap fouye tè a. Li te vini sou mòn nan, jis nan moman pou wè vwazen li a, Bid, ap mache retounen lakay li. Li te wè granmoun nan chita nan chèz li sou galri a. Epi li te deside vizite li pou kèk minit.

Bid te rele di Jozèf ki t' ap travèse wout la : « Bonswa, vwazen ».



Jozèf te reponn nan yon vwa sonò : « Bonswa, Bid. Ki jan ou santi ou ? » Malgre yo te viv mwaye kilomèt yonn ak lòt, fanmi Mas pa t' gen anpil kontak avèk granmoun vwazen sa a. Bid te yon veteran militè retirete. Li te pran plezi nan rakonte istwa tan pase li yo, yon bagay ke vwazen li yo pa t' fin apresye.

Bid te reponn avèk presizyon : « Byen, byen. Men, di mwen kisa w' ap bati lòt bò a ? Avèk tout pousyè sa yo ki leve, sanble ke w' ap fè yon gran wout ».

Jozèf te ri. Li te wete chapo li, apre sa li te remete li sou dèyè tèt li anvan li reponn. « Non, se pa yon nouvo wout. Nou gen tout wout nou bezwen pou fè bò isit la, pa vre ? Plan nou se pou konstwi yon kay pou kochon – yon gwo kay konplè ».

Imedyatman figi Bid te chanje epi je li yo te ratresi. Li te di : « Yon kay kochon ! La devan kay mwen an ! Tout vwazinay la pral pran sant li, rive jis nan vil fòj. Epi... tanpri di mwen sa ki pral rive lè gen yon bann kochon ki chape soti nan prizon yo. Yo va manje dènye lakou ak jaden nan vwazinay la nan yon ti moman ! »

Granmoun nan te poze pou pran souf li. Apre sa li te kontinye : « Kouman fè w' ap bati jis isit la, sou mòn nan, lwen pwòp kay pa ou ? Li pral pi pre kay mwen pase kay ou a ! » Rive kounyeya Bid te wouj nan figi, epi li kanpe sou de (2) pye li.

Li te sekwe yon dwèt devan vwazen li a ki te etone, ki te vin tankou yon lapen ki pè . « Èske Bon Liv ou a pa di ou pou renmen vwazen ou menm jan ou renmen tèt pa ou ? » Li te antre lakay li epi fèmen pòt la avèk tout fòs li magre li te granmoun katrentan.

Jozèf te sezi anpil pou jan sa te pase, epi kounyeya li t' ap reflechi kisa pou li fè apre. Pou yon moman li te gen lide frappe pòt kay la pou li kapab esplike vwazen li a kèk bagay. Li te vle esplike li ke se sèlman sou tèt mòn nan leta te ba li dwa konstwi kay bèt la, kote dlo kapab kouri epi tè a kapab bwè dlo a. Epi tou jan kay la ta fet la, li t' a vrèman bon pou okenn animal pa chape. Konsènan sant la menm ? Sètènman li pa tèlman move tankou Bid di li. Jozèf te konnen vwazen li a pa rezonab, men kisa li dwe fè sou sa ?

Zepòl li yo te tonbe pandan li t' ap vire ale. Li te reyalize sa ta initil pou pale ak Bid nan moman sa a. Lè li t' ap manje avèk fanmi li, Jozèf te rakonte yo tout istwa a. Pandan li t' ap pale sou referans Bib la fè konsènan renmen vwazen ou, yonn nan pi jenn gason yo te gen yon bagay pou di.

Wobè te pale avèk fòs : « Si Bid tèlman enterese konsènan renmen vwazen ou, poukisa li pa wè ke li pa renmen vwazen li tou ? »

Levi te ajoute : « Se sa. Menm si li pa renmen lide yon kay kochon devan nen li, si li vrèman renmen vwazen li, li va senpleman rete nan silans ».

Mavin te di : « Anplis sa, n' ap bati sou pwòp tè nou, pa sou tè li. Kisa sa fè li... »

Jozèf te leve men li pou kalme pitit gason li yo. Li te di : « Fè atansyon, pitit mwen yo, nou pa dwe pale konsa. Nou pa pale tankou moun ki gen lamou nonplis. Nou dwe sonje ke menm si Bid pale konsènan Bib la, li pa kwè tout sa ki ladan li. Li konnen ke nou menm, nou vle viv sa Bib la anseye, konsa pito nou asire nou ke chak bagay nou fè se lamou ki dirije nou ».

Apre sa Mavin te di nan yon ton dou : « Dakò, poukisa ou pa ale kay Bid epi byen esplike li tout bagay nan yon fason agreyab ? Di li poukisa n' ap bati sou Mòn Bounvalo epi di li p' ap gen okenn kochon lage. Sètènman li va dakò lè sa a ».

Jozèf te sekwe tèt li lantman : « Non, pitit mwen, se pa moman pou mete anfaz sou pwèn nou an. Menm si nou fè Bid vin dakò kounyeya, nou pa konnen kisa ki kapab rive nan lavni. Anplis, kouman ou kapab asire ke okenn kochon p' ap janm soti ? Nou dwe gen yon pi bon solisyon ».

Madanm Mas te sekwe tèt li pou di li dakò. Li te vire pale avèk mari li : « Kisa ou pral fè ? »

« Mwen pa gen okenn lide ». Se te yon repons mèg, men se te sa sèlman Jozèf te kapab di nan moman an.

Jou swa sa a Jozèf te chita bò tab la epi louvri Bib li nan Women 12. Dwèt li te soti sou yon vèsè ale nan pwochen an epi apre sa rete nan dizwityèm nan : « Fè tout sa nou kapab pou nou viv byen ak tout moun mezi nou wè nou kapab fè li ».

Pandan li t' ap panse sou sitiyasyon an, li t' ap mande kouman li kapab jwenn solisyon pou lavi kapab kontinye nan lapè sou de kote Mòn Bounvalo.

Pandan nwit la t' ap pase, Jozèf te kòmanse fatige nan kò li ak nan lespri li. Li te koube tèt li epi nan silans lapriyè pou jwenn sajès. Te gen yon solisyon, li te konnen, men se yonn ki ta imilyan. Men plis li te pèmèt lespri li rete sou benediksyon ak sou lapè sa ta pote, se plis li te gen konviksyon. Se te bon chwa a, epi se posib se te sèl chwa a.

Apre li te fin deside, li te fè yon lis nan tèt li moun li ta bezwen pale avèk yo. Premye moun nan lis la se te Bid David. Apre sa li ta dwe telefòn Maks Toma, nonm ki te fè travay fouye tè a. Men pou kounyeya, sa te pi bon pou li te fè yon ti dòmi.

Pandan Jozèf t' ap pwoche bò kay Bid nan demen maten, te sanble pa gen moun esepite gwo chat oranj li a ki te chita andedan fenèt la. Jozèf te frappe nan pòt la san okenn repons. Li te frappe ankò. Se te toujou silans. Pèsonn pa t' reponn.

Jozèf t' ap mande kisa li dwe fè. Li te gade atravè wout la kote ekipman lou yo t' ap tann nan silans. Li te vrèman vle pale avèk Bid anvan, pou enfòm li sou desizyon li. Bon, sa pa t' kapab fèt. Pa t' gen pèsonn nan kay la.

Lè li te vire pou li ale, Jozèf te fè yon lide briskeman. Li te rale yon plim nan pòch li epi chache yon ti moso papye pou li ekri. Li te ekri kèk mo sou desizyon li. Pandan li t' ap foure nòt la anba pòt la, li te tande yon bri fèb. Se nan

moman sa a li te remake chat la te kite plas li sou fenèt la. San konnen, bri nòt la te atire atansyon chat la, epi li te sote sou li. Nan yon minit li te detwi prèv vizit Jozèf la, li te chire papye a.

Maks Toma te chita nan biwo li, telefòn nan te toujou nan men li. Li t' ap sekwe tèt li nan yon fason twouble. Li te di : « Mwen pa janm tandè yon bagay konsa. Men li te ofri peye pou tout travay nou deja fè, konsa mwen pa kapab di ke mwen gen anyen pou mwen pèdi ». Li te sekwe tèt li ankò.

Nan chèz òdinè li sou galri a, Bid David te gade avèk enkyetid boulvès ki te rive jou anvan an sou Mòn Bounvalo. Li te deja mwatye apremidi, epi li t' ap mande poukisa machin yo te toujou rete nan silans. Men jis nan moman li t' ap antre nan kay li pou soupe, gwo machin dizèl yo te gwonde. Bri a te sonnen tankou yon gwo menas.

Granmoun nan te vire. « Kisa ? Tout bagay te nan silans tout jounen an, epi kounyeya yo pral twouble sware a pou mwen menm ! » Li te gade deyò nan fenèt la men li pa t' rete lontan. Poutan li te tèlman ajite, li pa t' gen apeti pou soupe.

Pandan nwit la t' ap avanse, tansyon andedan kay la te monte. Machin yo te kontinye gwonde nan fènwa a. Limyè ale vini te prèv kouman fas tè a te ye. Pou Bid lè ta ak gwondman kontinyèl la kapab siyifi yon bagay – Jozèf Mas kareman te rejte lide vwazen li a, epi li t' ap pouse pou devan avèk plan li nan gran ijans.

Lè Bid te reveye nan demen maten, li te nan yon move dispozisyon. Nan premye reyon solèy ki te parèt la, li te gade sou tèt Mòn Bounvalo. Li te di Ilda : « Ala degoutan ! Pwojè sa a tèlman enpòtan pou Jozèf ke ekip li a te travay

mwatye nwit la. Tout sa ki te enterese li se te plen lestomak li ak pòch li ».

Tòk ! Tòk ! Boutèy kòlè Bid te pèse avèk yon tòk fèm sou pòt la. Li te gade epi kesyone Ilda. Kilès ki kapab isit la bonè konsa ?

Ilda te rekonèt vwa Jozèf ak ri woulan li. Li te enkyete konsènan kolè mari li epi espere ke li ta kalme li. Pandan li te nan kizin nan, li pa t' kapab distenge sa yo t' ap di, men sa te sonnen ase amikal. Nan kèk minit pòt la te fèm epi Bid te parèt nan chanm ki sou kote a. Te gen yon gwo souri sou figi li.

Li te di pandan li t' ap fè madanm li siy : « Vini m' pale ou, Ilda. Mwen vle montre ou yon bagay ». Li te mennen li sou galri devan an epi rale rido a sou kote. Solèy te leve sou Mòn Bounvalo ki te klèman vizib kounyeya.

Ilda te louvri bouch li. Esepte kèk ti kote ki te toutouni bò isit bò laba, mòn nan te parèt jan li te ye yon senmenn anvan. Bid te esplik : « Jozèf te fenk isit la, epi li te di p' ap genyen yon kay kochon ankò. Li te di ke Bib la anseye nou pou viv nan lapè avèk tout moun, epi sa lakòz li abandone plan li a konplètman. Mwen prèske pa kapab kwè sa ! »

Ilda te mande li, pandan li t' ap fè jès montre yon bwat ke Bid te kenbe anba bra li : « Kisa ou genyen la a ? »

Bid te esplik : « O, mwen te malkonprann konsènan Jozèf ki enterese nan plen pwòp lestomak li ». Li te rale soti sa ki nan bwat la pou madanm li wè.

Nan men li, li te kenbe yon pen fre ak yon bokal konfiti.

Atik sa a soti nan *Family Life*, Nov. 2006

Pathway Publishers

Utilize avèk pèmisyon

Kwayan Oubyen Disip ?

Yon kwayan di : « Mwen kapab rich ak byen monn sa a epi toujou gen Bondye ».

Yon disip di : « Mwen kite tout bagay pou swiv Jezi ».

Yon kwayan di : « Mwen bezwen kanpe sou verite Bondye san konpwomi ».

Yon disip di : « Jezi se verite a. Mwen kanpe ak Li. Li pa bezwen defans ».

Yon kwayan di : « Mwen bezwen èd pou kenbe tout bagay nan lòd ».

Yon disip di : « Mwen soumèt tout bagay devan Li ; men mwen ».

Yon kwayan di : « Si se konsa legliz sa a ye, mwen p'ap rete ladan ».

Yon disip di : « Kisa mwen kapab fè pou ede rezoud pwoblèm sa a ? »

Yon kwayan di : « Frè, fòk ou sispann fè sa oubyen ou ap jwenn pa ou... ».

Yon disip di : « Kouman mwen kapab montre ou kè Bondye ? Èske ou va mache ak mwen pandan n'ap aprann gade sou Jezi ? »

Yon kwayan di : « Ebyen, pa gen anpil bagay mwen kapab fè nan sa – li di li gen kè poze nan sa l'ap fè a ».

Yon disip di : « Mwen bezwen pase tan avèk Bondye nan lapriye pou li epi egzòte li pou li ta vrèman soumèt e obeyi Bondye ».

Yon kwayan di : « Mwen te gen yon moman feblès, epi mwen te dekouraje paske mwen te fè yon ti tonbe.

Yon disip di : « Nan moman feblès mwen, mwen te fè yon chwa pou peche olye pou swiv Jezi Kris ; mwen repanti pou sa ».

Yon kwayan di : « Sanble pa gen okenn lòt moun k'ap fè li, konsa poukisa mwen bezwen fè li ? »

Yon disip di : « Menm si tout lòt moun kite bon che-men an, Jezi se lavi mwen. Mwen pa kapab e mwen p'ap nye Li ».

Yon kwayan di : « Bondye vle pou mwen gen yon lavi kè kontan ».

Yon disip di : « Mwen pa gen lavi pa m'. Mwen aban-done lavi mwen ak dwa mwen pou mwen kapab kontan ».

Yon kwayan di : « Bondye vle pou mwen gen yon lavi akonpli ».

Yon disip di : « Pa gen akonplisman andeyò Jezi Kris ».

Yon kwayan di : « Montre mwen kote Bib la di mwen pa kapab ».

Yon disip di : « Montre mwen plis kè Bondye ».

Yon kwayan di : « Ki kantite nan mwen ki bezwen sank-tifye pou mwen satisfè Bondye ? »

Yon disip di : « Sanktifye mwen konplètman, O Bondye ».

Yon kwayan prese pou fè eskiz pou peche : « Se feblès

mwen, ou konnen ».

Yon disip konfese peche li, mache avèk Jezi epi kontinye chanje pa mwayen Kris.

Yon kwayan gen yon bagay pou l' cache. Li pè transpar-ans. Li raman montre lavi pèsònèl li.

Yon disip renmen limyè ak transparans. Li jwenn jwa ak libète pou moun wè lavi pèsònèl li.

Premye enkyetid yon kwayan se : « Ki pri mwen dwe peye ? »

Premye enkyetid yon disip se : « Kouman sa va gen efè sou temwayaj mwen pou JEZI ? »

Yon kwayan pale sèlman sou mizèrikòd Bondye ak lamou Li. Li espere Bondye va konprann mank volonte li pou soumèt kè li pou verite.

Yon disip reyalize ke Bondye p'ap koube verite Li pou okenn moun.

[Se Ernest Strubhar, Perkins, OK ki soumèt li pou publikasyon]
Calvary Messenger September 2010

Pwovèb 31 Pou Pwofesè

Kilès ki kapab jwenn yon bon pwofesè ? Li gen plis valè pase dyaman, pase lò.

Elèv li yo (avèk paran yo) mete tout konfyans yo nan li, paske li va fè tout efò li pou kenbe yo nan sekirite.

Li pa va aji mal ak yo, li va aji byen ak yo pandan tout tan yo va pase nan lekòl la, epi enfluyans li andeyò lekòl la va fè yo byen tou.

Li kenbe disiplin fèm ak lòd ekselan. Li travay volontèman avèk men li, avèk sèvo li, avèk kè li menm si li fatige.

Tankou yon bato k'ap pote machandiz, li ale byen lwen chache nouvo lide mete nan tèt elèv li yo.

Solèy poko leve, li gentan sou pye l', l' ap pare nou-riti pou nanm li epi lapriyè pou etidyan li yo.

Li fè lide sou yon teren opòtinite nan klas la, li achte l' ak men l'. Li plante yon jaden rezen sou li pou lavni.

Li mare ren li avèk fòs Senyè a, li twouse manch rad li pou mache avèk Li chak jou.

Li santi apèl li resevwa a se yon bèl apèl, chandèl konsekrasyon li pa etenn ni nan nwit, ni nan wikenn.

Li mete men li sou manyèl pwofesè li, dwèt li kenbe kreyon li.

Li sansib pou timoun ki nan bezwen ; wi, li sansib pou sa k' ap soufri.

Li pa pè traka nan lekòl la, paske tout timoun jwi sekirite nan lamou ak disiplin fèm, tout soutni ak

lapriyè paran yo, epi tout anba men Bondye.

Li fè desen enteresan pou reveye lespri timoun yo, anseye yo, eklere sal klas la, epi teste karaktè. Atmosfè nan klas li pale sou bon volonte ak aktivite.

Yo konnen paran li yo nan kominote a kòm moun ki nòb epi ki montre yo enterese.

Li fè leson yo enteresan epi delivre yo ak siksè bay elèv li yo.

Imilite ak jistis se vètman li, epi li va rejwi lè etidyan li yo sèvi Senyè a tou.

Li louvri bouch li ak sajès, li toujou gen bon ansèy-man nan bouch li. Ak jantiyès li mennen etidyan li yo obeyi menm jan an.

Li konnen tout nyans ki genyen nan leson yo ak nan bati karaktè ; li toujou gen bagay l' ap fè.

Tout elèv li yo ap fè l' konpliman. Paran li yo menm ap fè lwanj li.

Bèl pwofesè pa di bon pwofesè pou sa. Bèl figi pa la pou lontan. Men, y' a fè lwanj yon pwofesè ki gen krentif pou Senyè a. Ba li sa ki pou li a. Lè y' a wè sa l' fè, se pou tout moun fè lwanj li.